

Kategori: **ELÈV**

Pibliye : 03/24/2010

Nimewo: **A-414**

Sijè: PLAN POU SEKIRITE

Paj: 1 sou 1

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye *Chancellor's Regulation (CR) A-414* ki date 5 septanm 2000.

Chanjman yo :

- Yo ogmante manm nan Komite sekirite lekòl la pou l vin gen ladan l mamm nan kominote a ak ajans anbilans lokal yo ak lòt ajans ki la pou reponn nan ka ijans (paj 1, Seksyon I.C).
- Yo dekri wòl ak responsablite Komite sekirite a ak plis detay (paj 1, Seksyon I.A, B & D).
- Komite sekirite lekòl la dwe fè omwen yon reyinyon chak ane kote tout paran nan lekòl sa a ka patisipe (paj 1, Seksyon I.F).
- Direktè a/Reprezantan l dwe soumèt chak mwa dokiman sou reyinyon komite sekirite a fè regilyèman chak mwa (paj 1, Seksyon I.F).
- Nan anviwònman *campus* yo, direktè yo dwe fè sèten ke plan sekirite a gen ladan l enfòmasyon presi pou chak lekòl sou *campus* la ak enfòmasyon sou *campus* la ki konsène tout biling lekòl la (paj1, Seksyon II.C).
- Direktè lekòl/*campus* la dwe konsève yon kopi enprine plan an yon kote ki ansekirite (paj 2, Seksyon II.H).
- Enfòmasyon sou fason pou lekòl la reponn nan ka ijans ki nan plan sekirite chak lekòl dwe rete konfidansyèl, epi yo pa ka pibliye yo (paj 2, Seksyon II.I).

REZIME

Règleman sa ranplase CR A-414 ki date 5 septanm 2000. Kenbe yon anviwònman lekòl sennesòf se responsablite tout kominote lekòl la, antwòt sekirite lekòl la, pèsonèl pedagojik, pèsonèl ki pa p anseye ak pèsonèl ki responsab antretyen, paran ak elèv. Chak lekòl dwe genyen yon komite pou sekirite ki reyini chak mwa, epi chak lekòl dwe mete sou pye yon plan sekirite chak ane antank yon pati nan efò l ap fè regilyèman pou ofri yon anviwònman sennesòf otank posib.

I. KOMITE POU SEKIRITE NAN LEKÒL

- A. Tout manm kominote lekòl la, tankou administratè, estaf, elèv, paran, Depatman polis *Nouyòk New York Police Department* (NYPD), lidè kominotè ak ajans kominotè yo dwe diskite ak kolabore seryezman san rete pou garanti sekirite nan lekòl yo. Kreyasyon komite pou sekirite yo onivo lekòl/campus yo se yon rezon pou dyalòg sa a ak pou mete resous nan lekòl ak kominote pou ranfòse sekirite.
- B. Chak lekòl/campus dwe gen yon Komite pou sekirite lekòl la. Se responsablite direktè a (yo) pou fè sèten ke komite sa a fòme epi reyinyi chak mwa. Komite a jwe yon wòl enpòtan pou tabli pwosedi sekirite yo, pou kominike sa elèv ap espere ak responsablite elèv ak estaf, epi pou mete sou pye estrateji pou prevni ensidan ak pou entèvni, ak pwogram byen presi pou bezwen lekòl la.
- C. Komite a dwe gen omwen manm sa yo ladan I : Direktè; reprezantan tout lòt pwogram k ap fonksyone nan biling lan; Lidè UFT; Enjenyè/reprezantan pèsonèl pou antretyen biling; Ajan sekirite nivo III ki baze nan lekòl la oswa reprezantan I; otorite polis pou zòn lan; Prezidan asosyasyon paran *Parent Association* (PA) oswa reprezantan I; Nitrisyonis/reprezantan sèvis kantin pou lokal la; manm kominote a; Ajans pou sèvis anbilans zòn lan oswa lòt ajans ki la pou reponn nan ka ijans; reprezantan popilasyon elèv la (lè I apwopriye); ak tout lòt moun direktè a (yo) jije ki nesesè.
- D. Komite a responsab pou konsidere pwoblèm sekirite regilyèman ak fè rekòmandasyon nesesè ba direktè a lè I detèmine nesesite pou lòt mezi sekirite, entèvansyon, trening, elatriye.
- E. Direktè a oswa reprezantan I dwe soumèt chak mwa, dokiman sou reyinyon ak *agenda* Komite sekirite a fè nan sistèm Plan sekirite lekòl la gen sou entènèt regilyèman chak mwa.
- F. Chak direktè dwe fè sèten ke Komite sekirite lekòl li a fè omwen yon reyinyon chak ane kote tout paran nan lekòl sa a ka patisipe. Yo dwe fè reyinyon an pou pèmèt paran prezante ak diskite enkyetid yo genyen onivo sekirite nan lekòl la, paegzanp men se pa sa sèlman koze ki gen pou wè ak ajan sekirite lekòl la.

II. PLAN POU SEKIRITE NAN LEKÒL

- A. Komite a responsab pou mete sou pye yon plan sekirite konplè ki endike fonsyònman nòmal lokal la ak pwosedi ki tabli sizoka ta gen yon ijans. Plan an dwe adapte ak chema plan sekirite yo rekòmande a, ke y ap mete adispozisyon w chak ane sou entènèt nan sistèm Plan sekirite lekòl ki sou sit la.
- B. Komite pou sekirite lekòl la dwe mete plan sekirite yo ajou chak ane pou satisfè bezwen sekirite ki chanje, chanzman nan òganizason ak kondisyon biling yo ak lòt faktè. Anplis, komite a dwe rekòmande chanzman nan plan sekirite a nenpòt lè I nesesè pou konsidere pwoblèm sekirite.
- C. Nan anviwònman *campus*, direktè yo dwe fè sèten ke plan sekirite a genyen ni enfòmasyon presi pou chak lekòl sou *campus* la ni enfòmasyon sou *campus* la ki konsène tout biling lekòl la.

- D. Direktè yo dwe soumèt plan konplè sekirite a sou entènèt pou Administratè pou sekirite k ap travay nan Biwo pou devlòpman lekòl ak fòmasyon jèn *Office of School and Youth Development* (OSYD) santral la apwouve nan fen twazyèm semèn septanm chak ane lekòl.
- E. Administratè pou sekirite a pral evalye chak plan pou fè sèten li satisfè tout kondisyon epi adapte ak chema plan sekirite a. Administratè pou sekirite a ap voye plan ki pa satisfè tout kondisyon yo tounen ba direktè a pou l modifye l kòmsadwa.
- F. Administratè pou sekirite a dwe soumèt plan chak lekòl li apwouve ba Chèf lapolis la, ba Divizyon sekirite nan lekòl *School Safety Division* la nan fen mwa oktòb chak ane lekòl. Y ap voye tounen ba Administratè pou sekirite a Plan pou sekirite ke Chèf lapolis la, *School Safety Division* an panse ki pa kòrèk yo, pou l pran desizyon apwopriye. Administratè pou sekirite a dwe fè chanjman nesesè yo, epi soumèt plan an ankò ba Chèf lapolis la pou l sètifye l vè dat 15 novann chak ane lekòl.
- G. OSYD disponib pou ofri asistans teknik toutan ba Komite pou sekirite lekòl la lè l ap mete sou pye plan sekirite a ak lè l ap konsidere regilyèman pwoblèm ki gen pou wè ak sekirite.
- H. Chak direktè dwe konsève yon kopi enprime plan apwouve a (plan ki nan sistèm sit wèb Plan sekirite lekòl la ke l enprime) yon kote ansekirite nan chak lekòl.
- I. Enfòmasyon sou ekip moun ki pou reponn nan ka ijans lan dwe konfidansyèl, epi yo pa ka afiche l sou entènèt ni pibliye l nenpòt jan.

III. VYOLASYON PLAN SEKIRITE A

- A. Yon pwofesè oswa yon lidè UFT ki wè yon vyolasyon nan plan sekirite a, dwe pote plent ba direktè a touswit.
- B. Direktè a pral eseye jwenn yon fason pou rezoud plent lan nan 24 èdtan apre l resevwa plent lan.
- C. Si pwofesè a oswa lidè UFT a pa satisfè, li ka mande OSYD atravè Divizyon pou sekirite UFT a fè yon sesyon medasyon nan 48 èdtan pou rekonsidere desizyon an.
- D. Si pwofesè a oswa Lidè UFT a pa satisfè ak rezulta medyasyon an, li ka mande pou pati yo mete sou pye yon pwoesisis abitraj rapid pou rekonsidere desizyon an.

IV. KESYON

Yo dwe voye tout kesyon konsènan règleman sa a nan :

Telefòn: 212-374-4368	<i>Office of School and Youth Development</i> N.Y.C. Department of Education 52 Chambers Street - Room 218 New York, NY 10007	Faks: 212-374-5751
--------------------------	----------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------------	-----------------------